

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana munggaran diterbitkeun dina taun 1973 ku Mitra Kencana. Carita dina ieu novelét ngeunaan lalampahan manusa nu kacida miara kana kaayaan alam. Ieu panalungtikan miboga tilu tujuan nyaéta 1) pikeun nganalisis stuktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana carita), 2) pikeun nganalisis ékologi sastra, jeung 3) pikeun ngalarapkeun hasil panalungtikan kana bahan pangajaran maca novel kelas XI SMA. Dina ieu novelét teu weléh nyabit-nyabit perkara lingkungan. Carita dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* nu aya patalina jeung lingkungan kacakup dina ulikan ékologi sastra. Nu kapaluruh dina sababaraha unsur nyaéta latar ékologi, unsur-unsur alam, interaksi tokoh jeung lingkungan. Satuluyna, éta novelét dipaluruh ngagunakeun tiori struktural Robert Stanton, ditéma ku tiori ékologi sastra nu ngawengku tiori ti Endaswara, satuluyna diadu maniskeun pikeun jadi peso analisis. Dipungkas ku tiori ngeunaan bahan ajar kalawan ngagunakeun lima kriteria bahan ajar nurutkeun Haerudin. Méthode jeung téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan téh, nyaéta méthode déskriptif analisis kalayan pamarekan kualitatif, sedengkeun instrumén nu digunakeunna dina ieu panalungtikan téh kabagi jadi dua nyaéta instrumén pikeun ngumpulkeun data jeung instrumén pikeun ngolah data. Instrumén ngolah jeung ngumpulkeun data ngagunakeun kartu data struktural, kartu data ékologi sastra, jeung tabél analisis data.

Struktur carita dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana kapaluruh ayana téma, fakta carita, jeung sarana carita. Téma nu diangkat dina ieu novelét téh nyaéta hujan di girang nu ngabalukarkeun caah di Walungan Citarik lantaran taneuhna gundul. Galur dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* miboga hubungan sebab-akibat dina unggal kajadian. Éta galur ngawangun carita nu ngaluyur ti mimiti nepi ka ahir carita.

Palaku dina ieu novelét kawilang basajan. Palaku utamana aya saurang nyaéta Pa Maman. Ditambah 17 urang palaku tambahan. Watek sakabeh palaku teu réa ganjor na. Latar ieu novelét kawilang réa sabab caritana ngeunaan ti sakola nepi ka pencilut pasir. Anapon latar utamana diantarana sakola, sisi walungan jeung

leuweung. Judul *Hujan di Girang Caah di Urang* ngawakilan sagemblengan eusi carita, nu nyaritakeun kajadian nu karandap ku palaku.

Saterusna, puseur implengan anu digunakeun ku pangarang dina ieu novelét nyaéta puseur implengan jalma katilu-teu kawatesanan. Éta hal bisa katitén tina carita anu ditepikeunna. Pangarang leuwih bébas nyaritakeun tokoh, jeung kajadian-kajadian anu kaalamanana. Anu pamungkas nyaéta gaya basa. Gaya basa anu digunakeun pangarang dina ieu novelét téh nyaéta rarahulan, mijalma jeung ngumpamakeun.

Unsur alam nu aya dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana téh kawilang réa, ti mimiti unsur hujan, tutuwuhan, sasatoan, jeung unsur alam séjénna. Kapanggih 153 kecap unsur alam nu digunakeun ku pangarang minangka objék, latar, atawa eusi carita. Anu satuluyna dipasing-pasing deui dumasar kana ruang lingkup ékologi sastra.

Lian ti maluruh unsur alam, dina ieu panalungtikan sisi ékologi sastra bisa ditilik tina interaksi tokoh jeung lingkunganana sarta latar ekologi nu aya dina ieu novelét, ieu hal nuduhkeun yén sastra raket patalina jeung ékologi.

Sabada dipaluruh jeung dianalisis struktur jeung ékologi sastrana ieu novelét bisa dilarapkeun pikeun bahan ajar lantaran hasilna geus saluyu jeung kritéria bahan ajar, ahirna bisa dicindekkeun yén ieu panalungtikan téh miboga struktur carita nu lengkep, ti mimiti témana, fakta caritana, jeung sarana caritana. Saterusna unsur alam nu nyampak dina ieu novelét gé kawilang réa, tur bisa disebutkeun yén hasil panalungtikan bisa dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca novel kelas XI SMA.

5.2 Implikasi

Implikasi ieu panalungtikan nyaéta ayana struktur nu jelas jeung béda dumasar kana gaya pangarang. Kapaluruh yén Min Resmana téh salah saurang pangarang réalisme, éta hal katitén tina karyana ngeunaan kahirupan nyata. Jadi, gambaran lingkungan nu aya dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* mangrupa gambaran jaman bihari nu masih rélevan jeung pajamanan kiwari.

5.3 Rékoméndasi

Dina sastra Sunda, novel geus ngaliwatan sababaraha mangsa, éta hal negeskeun yén novel Sunda teu éléh ku karya sastra séjénna. Ieu di handap sawatara rékoméndasi nu disusun pikeun sawatara pihak, nyaéta 1) pikeun panalungtik satuluyna, 2) guru, jeung 3) murid.

Kahiji, panalungtikan sarupa anu maluruh ékologi sastra perlu terus dilaksanakeun, boh ku masarakat akademisi boh masarakat umum. Anu jadi tinimbangan mah sangkan kapanggih aspék ékologi dina karya séjénna. Lian ti éta, sangkan ngeuyeuban hasil-hasil panalungtikan ngeunaan karya sastra hususna ékologi sastra di kasusastraan Sunda.

Kadua, guru dipiharep bisa ngeuyeuban bahan pangajaran nu ngandung ajén lingkungan.

Katilu, murid dipiharep bisa maham kana téks sastra nu ngandung ajén lingkungan. Lian ti éta, dipiharep siswa bisa nyangkem amanat tina téks sastra.